

Mazano ekubatsira vanoroja kuchengetedza magetsi nemvura

Haufaniri kunge uri muridzi wemba kuti ubatsirikane kubva pakuchengetedza magetsi nemvura. Vanhu vekuAustralia vanoda kusvika makumi matatu muzana vanogara mudzimba dzekuroja, uye nepo usingagoni kuchinja zvinhu zvakawanda zvepamba paunoroja, pane nzira dzekuderedza nadzo mibhadharo yemwedzi nemwedzi uyewo kuparadzwa kwezvakatipoteredza, kunyange kana usingagoni kuwana zvishandiswa zvinokweva moto unobva pazuva uye matangi ekubatisa mvura inonaya. Chaizvoizvo, mamwe ematanho anonyanya kushanda aungatore pakuchengetedza magetsi kana mvura ane chokuita nekungochinja zvinhu zviduku zvaunoita zuva nezuva nepo usingarasikirwe kana nemari.

Ungave uri kuroja kwenguva duku kana yakareba, pane zvinhu zvakawanda zviri nyore, zvisingadhuri zvaunogona kuita kuti uderedze magetsi nemvura zvaunoshandisa wochengetedza mazana emadhura pagore nepo pasina chachinja pakunaka kweupenyu hwako kana kwemararamire ako.

Mazano ekuchengetedza magetsi

Kusadya magetsi (kunombonziwo kushandiswa zvakanaka kwemagetsi) kune chekuita nekushandiswa kwemagetsi mashoma nepo basa, kunaka kana kubatsira kwezvauri kuashandisira zvacho kusina kuchinja. Edza matanho anoshanda aya kuti uderedze uwandu hwemagetsi aunoshandisa pamba pamwe nemibhadharo yawo.

- ✓ **Sarudza midziyo yemagetsi isingadyi magetsi.** Midziyo yemumba inodya inokwana 30 muzana yemagetsi aunoshandisa pamba, saka mhando dzemidziyo yaunosarudza pamwe nemashandisire aunoita zvinounza musiyano mukuru chaizvo pauwandu hwemagetsi aunoshandisa uyewo kukura kwemubhadharo wacho. Kana uri kuda kutenga mudziyo mutsva wemagetsi, funga nezvekutenga mhando isingadyi magetsi. Tarisa chiziviso chekuti mudziyo wacho unoshandisa magetsi zvakanaka kuti uone kuchengetedza magetsi kwaunoita—kuwanda kwenyeredzi kunoreva kuwanda kwemagetsi nemari zvaunogona kuchengetedza.
- ✓ **Kuchinja kudziya kana kutonhorera kwemumba.** Inenge 40 muzana yemagetsi anoshandiswa pamba inoenda kukudziisa kana kutonhodza mumba. Munguva yechando, funga nezvekuita kuti zvinodziisa mumba zviende pamadhigirii 18–20 Celsius. Munguva yekupisa, funga nezvekuita kuti zvinotonhodza mumba zviende pamadhigirii 25–27 Celsius. Kuchinja zvinodziisa nekutonhodza mumba

Arabic
Bosnian
Chinese Simplified
Chinese Traditional
Croatian
Dari
Dinka
English
Farsi
Filipino
Greek
Hindi
Indonesian
Italian
Karen
Khmer
Kirundi
Korean
Kurmanji
Macedonian
Malay
Punjabi
Russian
Serbian
Shona
Sinhala
Somali
Spanish
Sudanese Arabic
Swahili
Thai
Turkish
Vietnamese

nedhigirii rimwe chete bedzi kunogona kuderedza magetsi anoshandiswa pakudziisa nekutonhodza mumba mako ne5 kusvikira ku10 muzana. Kana uri kushandisa mudziyo unochinja mhepo kana kuti unodziisa mumba, vhara mikova inoenda kumamwe makamuri ausiri kushandisa.

- ✓ **Kuvhara magwanza uye makatsemuka.** Nekuita kuti pasave nepanobuda nemhepo mumba mako uye kuita kuti mhepo inenge yadziiswa kana kutonhodzwa isapoye nemumagwanza uye makatsemuka, unogona kuderedza mubhadharo wako wemagetsi neinosvika 25 muzana. Edza kushandisa chivhariso chejira rakazadzwa jecha (chakaita senyoka yakareba) kuti mhepo isapoye nepasi pemasuwo uye shandisa zvinovhariswa pamahwindo, pamapuranga epasi neemumativi memba, pamahwindo epamusoro anopinza zuva uye pamakonisi kuitira kuchengetedza mumba pamamiriro ekunze akasiyana-siyana. Tanga wabvunza muridzi wemba usati waisa zvinochengetedza mumba pamamiriro ekunze.
- ✓ **Wedzera kushanda zvakanaka kwemahwindo.** Chengetedza kudziya kuri mukati nekushandisa maketani nemablink anonyatsovvara zvakanaka kuitira kuti mhepo iri pakati pawo nehwindo irambe yakabatwa ipapo. Munguva yechando, unogonawo kuvhura maketani masikati kuti zuva ripinde uye woavhara kusati kwasviba. Saizvovwowa, izano rakanaka kuvhara maketani panguva yokupisa kukuru kwezuvu.
- ✓ **Kusarudza feni panzvimbo pemudziyo unochinja mhepo yemumba.** Mafeni emudenga neekugadzika anodya rinenge sendi rimwe chete paawa uye anobudisa mweya mushoma unoita kuti kudziya kunobva kuzuva kurambe kuri pedyo nepasi kana tichienzanisa nemidziyo inochinja mhepo. Mafeni anobatsira kutenderedza mhepo uye anogona kushandiswa kuwedzera kushanda zvakanaka kwezvintonhodza mumba pamwe nekutenderedza mhepo inodziya zvoita kuti mumba munyatsodziya zvakaenzanirana munguva yekutonhora.
- ✓ **Kusarudza kushandisa magirobhu anochengetedza magetsi.** Inenge 7 muzana yemagetsi anoshandiswa pamba inoenda kumagirobhu. Nekusarudza kushandisa magirobhu asingadyi magetsi pamwe nekushandisa zvakanaka magirobhu unogona kuderedza mibhadharo yemagetsi kusvika pahafu. Kuchinja magirobhu emhando yekare anobudisa chiedza achiita zvekudziya woshandisa magirobhu anonzi mafluorescent (maCFL) kana zvinobudisa chiedza zveLED inzira dzinoshanda dzekuderedza nadzo mibhadharo yemagetsi. MaCFL anoshandisa chikamu chinenge 20 muzana chemagetsi anoshandiswa negirobhu rinobudisa chiedza richiita zvekudziya uye anogara kwenguva yakareba zvakaipetwa ka4 kusvikira ka10.
- ✓ **Magetsi akachengetwa.** Midziyo yakawanda nezvigadzirwa zvakanaka semachaja efonu, zvekutambisa magemu emavhidhiyo, maovheni emicrowave uye mawairesi zvinoramba zvichidhonza magetsi nepo zvisiri kushandiswa. Magetsi azvinodhonza aya anogona kusvika ku10 muzana yemagetsi ese aunoshandisa pamba. Nekudzima midziyo kana zvigadzirwa pamadziro kana wapedza kuzvishandisa, unoderedza zvese zviru zviru, uwandu hwemagetsi aunoshandisa nemibhadharo yawo. Kana mudziyo wacho uine kanobaka kana kawachi kanoratidza kuti hausu kushanda, magetsi ari kutoshandiswa.
- ✓ **Mafiriji uye mafiriza.** Pokupedzisira paungasvitse firiji yako pakati pe3 kusvikira 5 dhigirii Celsius; kana kuti pakati peminus 15 kusvikira minus 18 dhigirii Celsius kana iri firiza. Dhigirii roga roga raunodzika naro rinotora imwe 5 muzana yemagetsi. Wedzera kushanda zvakanaka kwefiriji kana firiza yako nekubvisa chando chakaungana mufiriza wosiya nzvimbo inosvika masendimita 5–8 kuitira kuti mhepo iwane pokutenderera. Kana uine firiji yechipiri inoshanda panguva dzekusharanganya, ibatidze kana wava kunyatsoda kuishandisa.
- ✓ **Kuwacha nekuomesa hembe.** Kana uchiwacha nemushina, chengetedza magetsi nemvura nekushandisa mvura yakatonhora, kusarudza nguva pfupi yekuwacha, kuita kuti uwandu hwemvura huenderane neuwandu hwehembe, uyewo kumirira kusvikira hembe dzako dzawanda zvekugona kuwachwa pamwe chete. Yanika hembe dzako pamutariro panzvimbo pekudziomesa nemushina wemagetsi wekuomesa—hazvina kana mubhadharo.

Mazano pakuchengetedza mvura

Kushandisa zvakanaka mvura kunobatsira kuchengetedza donhwe pamwe nedhora roga roga. Pane zvekuita zvakanaka pakushandisa neungwaru mvura pamba nemugadheni zvinobatsira kuchengetedza mvura kuitira ramangwana.

- ✓ **Funga nezvemidziyo inochengetedza mvura pamwe chetewo nezvigadzirwa.** Kana uchitenga mudziyo mutsva kana chigadzirwa, tsvaka mhando inochengetedza mvura. Tarisa chiziviso chekuti mudziyo wacho unochengetedza mvura zvakanaka (WELS) kureva.
- ✓ **Kushandisa matepi zvakanaka.** Tepi iri kudonhedza donhwe rimwe chete pasekondi yega yega iri kurasa marita anodarika 12 000 emvura pagore. Chenegetedza mvura nekukurumidza kugadzira matepi ese ari kudonhedza mvura. Unogona kuderedza mubhadharo wako wemvura nekushandisa mazvinopinza mhengo mupombi (maaerator). Maaerator anoderedza kuyerera kwemvura uye anogona kuiswa mukati kana kunze kwematepi. Ungafanira kutanga wataura nemuridzi wemba yaunogara usati waenderera mberi.
- ✓ **IKuisa misoro yemashawa isingapambadzi mvura.** Kana uchishandisa misoro yemashawa yekare isingashandi zvakanaka, edza kukumbira muridzi wemba yaunoroja kuti ichinjwe poiswa mhando dzemazuva ano dzinogoshandisa 30 muzana chete yemvura, zvokugonesa kuchengeta mari inopfuura \$200 pagore yaifanira kubhadhara magetsi nemvura.
- ✓ **Kugweja muchimbudzi.** Kana uchishandisa chemba ine magwejero maviri akasiyana, sarudza kugweja kusina kuzara kana zvichiita. Kana muridzi wemba yauri kugara ave kuda kuisa imwe chemba inogweja kamwe chete, funga nezvekumukurudzira kusarudza chemba dzine magwejero maviri sezvo izvi zvichigona kuchengetedza marita 51 emvura pamunhu zuva rega rega. Kana izvi zvisingaiti, unogona kutenga chiniswa mutangi rechemba kuti mvura inopinda imomo ive shoma kana kuti kuisa imomo bhodhoru repurasitiki rine mvura kuti tangi racho ripinde mvura shoma.
- ✓ **Deredza mvura inoshandiswa mugadheni.** Machengetero agara achiitwa tsangadzi anogona kushandisa 90 muzana yemvura yose yaunoshandisa mugadheni mako. Unogona kuderedza uwandu uhwu nekuita kuti muchina wako wekucheka tsangadzi usiye yakareba masendimita 4 kana kupfuura. Unogonawo kuderedza mvura yaunoshandisa mubindu rako nekuchinja madiridzire aunoita uye nekusarudza zvishandiswa zvinochengetedza mvura.

Zvinogona kuitwa neanoroja

Kutaura nemuridzi wemba yaunogara kana kuti mumiriri wake

Kugadzira zvakanaka, kuzvitarisira, uye pamwechete nechero kuzvichinja kupi zvako kuti zvive nemashandire akasiyana ane pundutso, kunowanzoda mvumo (kana mari) kubva kumuridzi wemba yaunoroja. Nyika yoga yoga kana nzvimbo zvine mitemo yevanoroja yakasiyana-siyana, saka zvakanakosha kuti utsvakurudze uye ukumbire mvumo usati waenderera mberi nokuchinja chero chinhu panzvimbo yauri.

Zvimwe zvekuyeuka kana wava kuenda kumuridzi wemba kana mumiriri wake kuti ukumbire kuchinjwa kwezvinhu kuti zvishande zvine pundutso, zvinosanganisira:

- ✓ **Mari dzinodzoserwa uye rubatsiro.** Pane mari dzinodzoserwa nehurumende uye rubatsiro ruripo kuvaridzi vedzimba kana vakachinja zvinhu kuti zvishande zvine pundutso. Kutamba chikumbiro chako chenderere mberi, unogona kutsvakurudza uchizvitira muridzi wemba yaunogara, woongorora chikamu chedu chinotaura zvemari dzinodzoserwa kana rubatsiro kuti uone zvingashande kwauri.
- ✓ **Kusabatirwa mitero.** Zvakawanda zvinoitwa pakugadzirisa nekutarisira musha, hazvibatirwi mutero. Unogona kuongorora gwaro revaridzi vedzimba dzinorojeswa Australian Tax Office's Guide kuti uone kuti ndezvipi zvinoshanda paimba yako wobva waudza muridzi wemba yako chero mashoko anofadza aunenge wawana.

- ✓ **Kubatsira kwekuisa mari padivi.** Nekuisa mari padivi kuti ishandiswe pakugadzirisa zvinhu kuti magetsi nemvura zvishandiswe zvakanaka, muridzi wemba yaunoroja anogona kuwedzera ukoshi hwenzvimbo yake, achiita kuti izodiwa chaizvo nevanoda kuzotenga kana kuzoroja.

Iva chokwadi chekuti chero chikumero chipi zvacho chinoenda kumuridzi wemba kana kumumiririri wake chinoita zvekunyorwa. Zvakanakawo kuchengeta magwaro ezvose zvakanakumbirwa uyewo zvose zvakanabvumiranwa nemuridzi wemba kana mumiririri wake nezvezvinofanira kuchinjwa kana kugadziriswa.

Unoda kuziva zvimwe uye wochengetedza zvimwe here?

Mashoko akasiyana-siyana emazano nezvekushandisa zvakanaka magetsi, marara, mvura, nekufamba kwakanaka uyewo mashoko nezverubatsiro runopihwa nehurumende, anowanika muchirungu padandemutande rinoti www.energy.gov.au.

[Mashoko kuvanoroja nekuvaridzi vedzimba dzinorojwa vari munyika nenzvimbo dzose](#)

Mashoko ekuzvisunungura

Commonwealth haipi vimbiso yekuti gwaro ratorwa mashoko ashandurwa aya nderechokwadi uye haitauri maonere ayo nezvekururama kana kudini zvako kwechero mashoko api zvawo ari mugwaro ratorwa zvashandurwa kana mushanduro ino. Commonwealth haipi vimbiso ine chokuita neshanduro ino, kusanganisira kuti shanduro yacho yakarurama. Commonwealth nevakuru vayo, vashandi nevamiririri vayo havasi kuzowanikwa vaine mhosva kana pakava nechero kukuvadzika, kurasikirwa pakukuvara kunobva zvakananga kana kuti zvisina kunanga pakushandisa shanduro ino kana kuvimba nayo kwachero ani zvake, zvisinei nekuti kushandisa kwacho kana kuvimba kwacho nayo kwabva pamashoko kana mazano zvapihwa nevamiririri vesangano racho kana kuti kwete.